

## HIPAA – AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE CHI A

DEKLARASYON AVI SOU KONFIDANSYALITE PASYAN AVI KI ANNAPRE A DEKRI KIJAN OU KA ITILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL, AK KOMAN OU KA GEN AKSÈ AK ENFÒMASYON SA YO. TANPRI REVIZE ENFÒMASYON YO AK ANPIL ATANSYON.

(Dat Li Anplas: 14 avril 2003)

Yo ka divilge enfòmasyon sou swen sante pwoteje ou yo bay lòt pwofesyonèl swen sante nan Community Health nan estaf Sid Florida a, lòt pwofesyonèl swen sante sou rekòmandasyon, ak lòt antite dispozisyon sou vi prive sa yo garanti pou yo ka ofri ou bon jan kalite swen sante.

Ou ka divilge enfòmasyon sou swen sante ou yo bay founisè asirans ou an pou Community Health nan Sid Florida k ap resevwa peman dèské yo ba ou sèvis swen sante ki nesesè yo.

Yo ka divilge enfòmasyon sou swen sante pwoteje ou yo nan kad operasyon swen sante Community Health nan Sid Florida a pou enkli evalyasyon entèn sou kalite sèvis yo ba ou yo, epi pou pèmèt ajans deyò yo revize, sètifye oswa otorize sèvis swen sante yo ba ou yo.

Yo ka divilge enfòmasyon sou swen sante pwoteje ou yo bay ofisyèl publik yo oswa lapolis yo nan ka kote gen yon ankèt ou se yon viktim abi, yon krim oswa vyolans domestik.

Ou ka divilge enfòmasyon sou swen sante pwoteje ou yo bay lòt pwofesyonèl swen sante nan ka kote ou bezwen swen an ijans.

Yo ka divilge enfòmasyon sou swen sante pwoteje ou yo bay yon òganizasyon sante publik oswa òganizasyon federal sizoka kote gen yon maladi kontajye oswa pou siyale yon aparèy ki pa bon oswa nan ka kote gen move reyakson ak yon pwodwi byolojik (manje oswa medikaman).

Yo ka divilge enfòmasyon sou swen sante pwoteje ou yo sèlman apre yo fin resevwa otorizasyon alekri nan men ou. Ou gen dwa pou mete restriksyon sou divilgasyon enfòmasyon sou swen sante ou pwoteje yo. Sepandan, Community Health nan Sid Florida ka chwazi pou refize demann restriksyon ou an si li pèmèt yo ba ou bon jan kalite swen sante oswa sizoka gen yon ijans.

Ou ka anile pèmisyon ou pou divilge enfòmasyon sou swen sante pwoteje ou nenpòt ki lè. Li dwe fèt alekri epi genyen yon dat li an vigè ak yon lis enfòmasyon espesifik sou sante ki dwe pwoteje kont divilgasyon. Community Health nan Sid Florida a PA oblige dakò ak demann ou an.

Community Health nan Sid Florida a ka kontakte ou atravè mesaj telefòn, tèks oswa lapòs pou fè ou sonje nenpòt randevou, opsyon tretman swen sante oswa lòt sèvis sante ki ka enterese ou.

Community Health nan Sid Florida a ka kontakte ou nan bi pou ranmase lajan pou sipòte fonksyònman òganizasyon an.

Ou gen dwa pou resevwa komunikasyon konfidansyèl sou sitiyasyon sante ou kòm yon pati nan sistèm faktirasyon Community Health nan Sid Florida a, y ap voye fakti bay tout manm fanmi imedyat ou sou yon sèl nimewo kont prensipal. W ap resevwa yon (1) relve faktirasyon chak mwa pou tout fanmi an ('Family Billing') (Faktirasyon Familyal). Depatman sèvis anregistrement Community Health nan Sid Florida a ka kreye yon kont apa pou chak manm nan fanmi an sou demann alekri pasyan an prezante.

Ou gen dwa pou revize epi fè fotokopye nenpòt/tout pòsyon enfòmasyon sou swen sante pwoteje ou. Community Health nan Sid Florida a gen dwa pou evalye yon frè rezonab pou fè fotokopi enfòmasyon sa yo.

Ou gen dwa pou mande chanjman nan enfòmasyon sou swen sante pwoteje ou. Demann ou dwe fèt alekri epi eksplike poukisa yo ta dwe amande enfòmasyon yo. Community Health nan Sid Florida a ka refize chanjman yo mande a epi si sa fèt, ba ou yon eksplikasyon alekri pou refi a.

Ou gen dwa pou ki moun ki gen aksè ak enfòmasyon sou swen sante pwoteje ou yo ak pou ki bi. Demann divilgasyon ou fè bay ofisyè ki responsab pou pwoteksyon vi prive a ki nan lis anba a sou moun ki te gen aksè ak enfòmasyon sou swen sante pwoteje ou yo dwe fèt alekri.

Ou gen dwa posede yon kopi Avi sou Konfidansyalite sa a si ou mande sa. Kopi sa a kapab nan fòm transmisyon elektwonik oswa sou papye.

Yo pa ka divilge enfòmasyon konfidansyèl sou swen sante ou yo pou nenpòt lòt rezon ki pa sa ki idantifye nan avi sa a.

Lalwa egzije Community Health nan Sid Florida a pou pwoteje konfidansyalite pasyan li yo. L ap kenbe nenpòt ak tout enfòmasyon sou swen sante konfidansyèl pasyan an epi l ap bay pasyan an yon lis devwa oswa pratik ki pwoteje enfòmasyon sou swen sante pwoteje yo.

Community Health nan Sid Florida a ap respekte kondisyon avi sa a epi li gen dwa pou fè chanjman nan avi sa a epi kontinye kenbe tout enfòmasyon sou swen sante yo sekrè. Pasyan yo ap resevwa yon kopi tout chanjman ki fèt nan avi sa a nan pwochen vizit yo nan Community Health nan Sid Florida a.

Ou gen dwa pou pote Community Health nan Sid Florida a plent, si ou kwè yo pa te respekte dwa w sou konfidansyalite ou yo. Si ou santi yo te vyole dwa sou konfidansyalite ou yo, tanpri voye plent alekri ou a nan lapòs bay:

Vis Prezidan Adjwen Jesyon Risk ak Konfòmîte/Ofisyè ki Responsab pou Pwoteksyon Vi Prive Community Health nan Sid Florida (Assistant Vice President of Risk Management and Compliance/Privacy Officer Community Health of South Florida), Inc.

10300 SW 216th Street Miami, FL 33190 (305) 235-8062

N ap mennen ankèt sou tout plent yo. Nou p ap souvle okenn pwoblèm pèsonèl pou anrejistreman yon plent.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Avi sou Konfidansyalite sa a, tanpri kontakte:

Ofisyè ki Responsab pou Pwoteksyon Vi Prive Community Health nan Sid Florida (Community Health of South Florida Privacy Contact Officer)

Telefòn: (305) 235-062 Fax: (786) 245-2775

Avi sa a anplas nan dat ki enprime nan tèt dokiman sa a. Dat sa a pa dwe anvan dat yo enprime oswa pibliye avi a. Community Health of South Florida, Inc. se yon Sant Sante ki kalifye nan nivo Federal Komisyon Miks lan rekonèt.